



Pou Piblikasyon Imedya: 21/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## **PANDAN SEMÈN KLIMATIK LA, GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GWO INVESTISMAN NAN ENFRASTRIKTI PWOTEKSYON KONT INONDASYON**

**Pwojè pou reyabilite baraj Conklingville la pral asire pwoteksyon kont inondasyon kontinyèl pou kominote an aval yo**

**Sipòte angajman Eta a pou ogmante investisman nan enfrastrikti rezistan**

Jodi a Gouvènè Kathy Hochul te anonse ke Eta New York pral fè yon gwo investisman nan enfrastrikti ki gen prèske yon syèk ki bay pwoteksyon kont inondasyon pou kominote yo otou Hudson River nan Konte Albany, Warren, Washington, Rensselaer ak Saratoga, ki gen ladan kapital vil Albany an. Biwo Sèvis Jeneral la te pibliye yon Demann pou Kalifikasyon (Request for Qualifications, RFQ) pou sèvis enjenyeri k ap chèche yon konpayi pou bay konsepsyon final ak sipèvizyon pou yon gwo reyabilitasyon nan baraj Conklingville ke eta posede.

Konplete an 1930, Dam Conklingville ki mezire 95 pye wotè te konstwi nan Hadley (Konte Saratoga) sou Sacandaga River lajan an repons ak inondasyon katastwofik an 1913 nan Rejyon Kapital la ki te afekte Albany ak lòt kominote sou litoral yo tankou Waterford, Cohoes, Green Island, Watervliet, Rensselaer, ak Troy. Yo konnen li sou non "Gwo Inondasyon an 1913" (Great Flood of 1913) evènman sa a te deklanche domaj enfrastrikti ak yon ijans sante piblik ki grav, sa ki te sisite apèl pou yon pwojè kontwòl kont gwo inondasyon pou pwoteje kominote sou litoral yo, mete an mouvman konstriksyon baraj Great Sacandaga Lake la.

"Nou ap konstate reyalite chanjman klimatik isit la nan New York ak toupatou nan peyi a ane apre ane, epi li pa akseptab tou senpleman pou espere pi bon bagay pandan ke ou pa fè investisman ki nesèsè yo nan sekirite piblik ak rezistans", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Nou bezwen fè investisman estratejik ak entelijan nan enfrastrikti enpòtan yo tankou baraj Conklingville ak lòt enfrastrikti pwoteksyon kont inondasyon san pèdi tan kòm yon pati nan yon estrateji konplè pou pwoteje kominote nou yo ak Nouyòkè yo."

**Komisè Biwo Sèvis Jeneral (Office of General Services, OGS), RoAnn Destito, te deklare**, "Konstriksyon Baraj Conklingville la te ekstrèmman anbisyè an 1930, epi li raple nou sa Nouyòkè yo ka fè lè yo reyini ansanm pou rezoud yon pwoblèm. Pandan n ap chèche aplike nouvo mezi pou fè kominote nou yo pi fleksib, dirab, ak san danje - nou pa ka pa fè investisman ki nesèsè yo nan enfrastrikti enpòtan ki t ap pwoteje Nouyòkè yo depi plizyè jenerasyon."

**Direktè Egzekitif Distri Regilasyon Hudson River - Black River a, John Callaghan, te deklare,** "Antretyen ak operasyon fidèl baraj Conklingville la pa Distri Regilasyon an pou plis pase 90 ane te kenbe enfrastrikti sa a nan bon kondisyon travay, sa ki ede diminye nivo inondasyon pik yo nan kominote ki an aval yo ane apre ane pandan plizyè jenerasyon. Angajman finansman ki byenvini sa a pral asire ke anplwaye devwe nou yo ka kontinye kenbe ak opere baraj la pandan syèk k ap vini an pou ede kenbe rezidan zòn yo an sekirite."

Nan dat 27 mas 1930, pòtay baraj Conklingville la te fèmen, epi Great Sacandaga Lake la te kòmanse ranpli. Jodi a, Distri Regilasyon Hudson River - Black River a kontinye kenbe ak opere baraj la, sa ki bay avantaj pwoteksyon ki enpòtan kont inondasyon nan kominote sa yo nan estoke dlo ki otreman ta kontribye nan inondasyon an aval pandan peryòd ki gen debi ki wo yo, ak relache dlo a pandan peryòd ki gen debi ki ba pandan mwa ete ki pi sèk yo sa k ap pwodwi avantaj ekolojik, lwazi, ak enèji renovlab.

A 90 zan e plis, baraj Conklingville la mande yon investisman jenerasyonèl pou asire li ka kontinye bay avantaj enpòtan sa yo pandan dè deseni k ap vini yo. Sa yo gen ladan:

- reparasyon estriktirèl fondasyon ak beton yo pou minimize ak elimine flit atravè baz an wòch la ak entèfas wòch-beton an, ak anlèvman ak ranplasman beton ki deteryore sou tout sifas beton yo;
- ranplasman ak reparasyon beton ki fiire ak domaje sou mi an fòm zèl yo, chanèl priz yo, ak estrikti an beton kanal fuit yo;
- ranplasman sòti "valv Dow" nivo ba pa sòti ki modèn;
- ak lòt amelyorasyon estriktirèl nan baraj la.

Yon premye afektasyon 20 milyon dola pou pwojè a te enkli nan Bidjè Fiskal 2022 Eta a ke yo te pwomilge a. Investisman final Eta a pral depann de dimansyon ak konsepsyon konsiltan an enjenyeri ke OGS chwazi a prepare.

Istwa Baraj Conklingville la te kòmanse avèk Great Flood of 1913 la. Te gen inondasyon katastwofik soti nan Midwest la rive sou East Coast la nan fen mwa mas 1913 sa ki lakòz yon pèt an matyè lavi ki etonan, sa ki fè li dezyèm inondasyon ki pi mòtèl nan istwa U.S. Nan kèk semèn apre pik inondasyon an nan Albany nan dat 28 mas, yon epidemi tifoyid te koze pa kontaminasyon rezèv dlo piblik Albany akòz dlo inondasyon ki te kòmanse kouri nan vil la. Konsekans inondasyon istorik sa a te ede pouse lidè New York yo pou konstwi yon gwo rezèwa pwoteksyon kont inondasyon - ke yo rekonèt jodi a kòm Great Sacandaga Lake - lè yo te konstwi Baraj Conklingville la sou Sacandaga River nan Vil Hadley, Konte Saratoga.

Pandan ke inondasyon an 1913 la te ede bati sipò pou mezi pwoteksyon kont inondasyon, lide pou kreye rezèwa estokaj pou mete dig sou afliyon Hudson River pou alafwa pwoteksyon kont inondasyon - ak bay yon debi dlo ki fyab pou moulen yo pandan mwa ete ki pi sèk yo- se te yon konsèp ki te diskite pandan dè deseni. Men, inondasyon an 1913 la te mete bagay yo an mouvman, epi Lejislati Eta a te apwouve yon amandman nan konstitisyon Eta a ki pèmèt jiska twa pousan nan tè forestye eta nan Adirondacks

dwe inonde pou nouvo rezèwva kontwòl kont inondasyon. Votè yo te apwouve mezi a, ke yo rekonèt kòm Burd Amendment, nan eleksyon 4 novanm ane sila a, epi Machold Storage Act ki vin apre an 1915 ki te prevwa etablisman "distri regilasyon pou rivyè yo." Distri regilasyon Hudson River a te fòme an 1922 epi konstriksyon baraj Conklingville la, ki te fèt pa premye Enjenyè an Chèf Distri Regilasyon an, Edward Haynes Sargent, te kòmanse an 1927.

Jodi a, Great Sacandaga Lake, ki se pi gwo rezèwva Eta New York la, bay gwo avantaj ekonomik tou pou kominote yo nan Konte Saratoga ak Konte Fulton bò rivaj li yo, ak avantaj kalite lavi pou rezidan yo nan zòn nan. Yon sistèm pèmi aksè pèmèt pwopriyete pwopriyete adjasan yo gen aksè ak lwazi nan rezèwva ki mezire 46 km longè a (67 km kare pa zòn), ki bay anpil avantaj ekolojik tou.

Konstriksyon Baraj Conklingville la ak kreyasyon Great Sacandaga Lake la rete youn nan pwojè travo piblik ki pi anbisye epi ki pi konsekan ke yo te janm antreprann nan zòn nan. Yo te rakonte istwa konstriksyon li nan fim dokimantè 2017 la *Harnessing Nature: Building the Great Sacandaga*.

###

Lèt nouwèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)